

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de yon dosye arestasyon ki te rezoud nan favè ou, sèten dosye sele, oubyen yon jijman jèn delenkan, oubyen akòz de yon dosye kondanasyon kriminèl, ou kapab pote plent ak Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a.

Se sèlman plent sou dosye diskriminasyon nan anplwayè prive Divizyon an aksepte. Moun k ap fè reklamasyon pou diskriminasyon ajans piblik te fè dwe pote yon aksyon nan tribinal Eta a.

Pou plis enfòmasyon oubyen pou pran yon randevou, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan :

www.dhr.state.ny.us

KÈK EGZANP :

Ou te aplike pou yon travay epi aplikasyon an mande si yo te janm kondane ou poutèt yon enfraksyon kriminèl. Ou pa santi ou konfòtab pou pale de kondanasyon kriminèl ou a. Èske ou oblije reponn ak onètete ?

Wi. Ou dwe reponn kesyon yo ak onètete. Si pita anplwayè a vin detèmine ke ou te bay manti nan aplikasyon ou epi ou te konn se manti, anplwayè a gen dwa refize ba ou travay la oubyen revoke ou.

Yo te arete ou pou yon enfraksyon kriminèl men yo pat janm pote plent kont ou. Èske yon anplwayè kapab fè ankèt sou arestasyon sa a ?

Non. Li t ap ilegal pou fè nenpòt ankèt sou arestasyon sa a, sòf pou sikonstans yo ki diskite nan feyè sa a.

Ou aplike pou yon travay kòm yon espesyalis enstalasyon kab televizyon. Travay la mande pou ou enstale sèvis kab la kay kliyan yo. Pandan pwosesis entèvyou a, kondanasyon resan ou pou kou ak blesi vin pibliye. Yo pa ba ou travay la epi ou kwè se akòz de dosye kondanasyon ou a. Èske sa legal ?

Si anplwayè a evalue faktè yo ki dekri nan feyè sa a epi konkli ke kondanasyon an te afekte kapasite ou pou fè travay la, genyen anpil chans ke desizyon an konfòme ak Lwa a.

Ou aplike pou yon lisans pou yon zam epi di ke yo te arete senk fwa deja, chak fwa desizyon an te favorab pou w. Yo te refize aplikasyon ou an akòz de arestasyon ou te genyen avan yo. Èske sa legal ?

Wi. Ajans piblik ki kontwòle zafè zam pa kouvri anba dispozisyon dosye arestasyon Lwa a.

PWOTEKSYON SOU LWA SOU
DWA MOUN POU MOUN AK :

DOSYE ARESTASYON
KI TE REZOUDE NAN
FAVÈ YO,

DOSYE SELE
ak

JIJMAN JÈN DELENKAN,
oubyen

MOUN KI KONDANE
POU ENFRAKSYON
KRIMINÈL

NEW YORK STATE
DIVISION OF
**HUMAN
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

Se yon règ piblik Eta Nouyòk pou asire ke moun Nouyòk ki genyen dosye arestasyon ki te rezoud nan favè yo, dosye sele ak jijman jèn delenkan, ak sa yo te kondane pou enfraksyon kriminèl yo, patisipe nan opòtinite pèsònèl ak ekonomik Eta sa a. Pou ede fasilite objektif sa a, Eta a pase lwa pwoteksyon sou Lwa sou Dwa Moun nan.

Pwoteksyon yo tonbe nan de (2) kategori sa yo :

1) Moun yo ki genyen dosye

arestasyon ki te rezoud nan favè yo, sèten dosye ki sele, ak jijman jèn delenkan ; ak

2) Sa yo te kondane pou enfraksyon kriminèl yo.

LWA POU SA YO KI GENYEN DOSYE ARESTASYON AK TOUT DESIZYON LAJISTIS KI TE FAVORAB POU YO , SÈTEN DOSYE KI SELE OUBYEN JIJMAN JÈN DELENKAN...

Si yo te arete w, epi sa te fini byen pou w, yon dosye sele oubyen yon jijman jèn delenkan, yo pa ka poze ou kesyon, oubyen fè diskriminasyon kont ou sou bagay sa yo nan domèn travay, lisans, ak pou jwenn kredi oubyen asirans.

Lwa a ofri yon pwoteksyon ki laj kote li deklare li ilegal pou « fè kèlkeswa ankèt, swa nan nenpòt fòm aplikasyon oubyen lòt kote, oubyen pou aji mal kont moun » parapò a yon arestasyon, ki pa an atant pou moman an, ki te fini yon fason ki pozitif pou li , yon dosye ki sele oubyen yon jijman jèn delenkan.

Pwoteksyon yo ki dekri anlè a pa aplike a ajans gouvènmantral ki bay lisans pou revòlvè ak lòt zam ki ka tiye moun, oubyen lè yo ap anplwaye ofisye lapolis oubyen ofisye pou lapè. Nan sitiasyon sa yo, ajans la gen dwa mande ak konsidere arestasyon ki te fini yon fason ki te pozitif pou li , yon dosye ki sele oubyen yon jijman jèn delenkan.

LWA POU SA KI GENYEN YON DOSYE KONDANASYON YO...

Ou dwe di kote ou ap travay oubyen gen potansyèl pou travay la nenpòt kondanasyon ou te genyen avan si yo mande ou sa. Yon anplwayè oubyen ajans lisans gen pèmisyon pou fè ankèt sou

kondanasyon pou enfraksyon kriminèl, men pa gendwa refize travay, amwenske genyen yon relasyon dirèk ant kondanasyon an ak lisans la oubyen travay moun nan ap chèche a, oubyen amwenske li t ap enplike yon gwo risk pou pwopriyete oubyen sekirite ak byenèt lòt moun si yo ta bay moun nan lisans oubyen travay la. Pou detèmine sa, anplwayè a dwe konsidere bagay sa yo :

- Règ piblik Nouyòk pou bay moun ki te genyen kondanasyon avan yo lisans ak travay.
- Tach ak responsablite yo ki vrèman gen rapò a lisans ak travay li ap chèche a.
- Chay, si genyen, enfraksyon kriminèl la, yo te kondane moun nan avan an, pral genyen sou kapasite li pou egzekite tach ak responsablite yo.
- Tan ki te pase depi moun nan te fè enfraksyon kriminèl la.
- Laj moun nan te genyen lè enfraksyon kriminèl la te pase.
- Severite enfraksyon kriminèl la.
- Nenpòt enfòmasyon moun nan bay, oubyen lòt moun bay pou li, pou montre reyabilitasyon ak bon konpòtman li.